



Pou Piblikasyon Imedya: 10/04/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**NAN KAD PANDEMI COVID-19 LA, GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ETA NEW YORK AP OGMANTE TÈS ANTIKÒ YO, SA KI ENPÒTAN ANPIL POU PÈMÈT EKONOMI AN REDEMARE**

***Gouvènè a ofri patenarya konplè avèk gouvènman federal la nan kad efò kontinyèl Eta a pou pèmèt tès an mas yo rive fèt sou gwo anplè; New York pral fè patenarya avèk Connecticut ak New Jersey pou kreye yon patenarya rejyonal pou tès***

***Anonse 200 milyon dola nan Asistans Alimantè Dijans pou plis pase 700,000 fanmi ki gen revni ba ki enskri nan SNAP***

***Gouvènè a ap travay avèk delegasyon Kongrè a pou kreye yon Fon Konpansasyon pou Ewo COVID-19 yo***

***Anonse nouvo patenarya avèk sektè prive a pou bay lojman gratis pou pwofesyonèl medikal ki nan premye liy yo***

***Libere videyo 'New York Djanm' ki montre kijan Nouyòkè yo pase tan yo lakay, nan chita sou efò kontinyèl Eta a pou atenn tout kominote yo nan New York avèk mesaj pou rete lakay sa ki ka sove lavi - Videyo a disponib [isit la](#)***

***Konfime 10,575 ka kowonaviris anplis nan Eta New York - sa ki fè total la nan tout Eta a rive 170,512; gen nouvo ka nan 54 Konte***

Nan kad pandemi COVID-19 la, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a Eta New York ap ogmante tès pou antikò yo, yon eleman kle nan nenpòt plan pou redemare ekonomi a. Eta a aktyèlman a ap mennen 300 nan tès pou antikò sa yo epi sou wout pou mennen 1,000 pa jou rive vandredi k ap vini an ak 2,000 pa jou rive lòt semèn. Nan kad efò kontinyèl eta a pou pèmèt tès an mas yo fèt sou gwo anplè, Gouvènè a te ofri yon patenarya konplè avèk gouvènman federal la pou reyalize travay enpòtan sa a. Nan entèval la, Gouvènè a te anonse ke New York, Connecticut ak New Jersey pral kreye yon patenarya rejyonal pou tès pou pèmèt tès an mas yo fèt sou gwo anplè pou rezidan yo nan eta sa yo.

Gouvènè Cuomo te anonse 200 milyon dola anplis nan asistans alimantè dijans ki pral disponib pou plis pase 700,000 fanmi ki gen revni ba ki enskri nan pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman. Sila yo ki enskri nan SNAP la epi ki poko resevwa avantaj maksimòm pral resevwa yon peman anplis pou fè yo rive nan montan sa a nan mwa mas ak avril. Avantaj sipleman yo pral pibliye nan mwa avril epi livre dirèkteman sou

kont Transfè Avantaj Elektwonik benefisyè yo ki egziste yo. Fanmi ki kalifye pou siplemman an k ap viv nan konte ki andeyò Vil New York pral kòmanse resevwa avantaj dijans siplemantè a apati 13 avril epi tout fanmi kalifye yo ap resevwa li jiska 24 avril. Nan Vil New York, avantaj dijans yo pral bay apati 14 avril epi ap fini bay yo nan 25 avril.

Gouvènè Cuomo ap travay tou avèk delegasyon Kongrè New York la pou kreye Fon Konpansasyon pou Ewo COVID-19 yo pou sipòte pwofesyonèl swen sante ak lòt sa yo ki nan premye liy yo ak fanmi yo ki te trape COVID-19 la.

Gouvènè a te anonse nouvo patenarya avèk sektè prive a pou bay lojman pou pwofesyonèl medikal ki nan premye liy yo. Ko-fondatè Airbnb an ak PDG Brian Chesky pral kontribiye 2 milyon dola pou ede bay chanm nan otèl sendika yo gratis pou pwofesyonèl ki nan premye liy yo. Nan kad efò sa a, 1199SEIU ap fè patenarya avèk Airbnb pou ofri lojman pou manm li yo -- ki gen ladan lopital ak lòt pwofesyonèl swen sante yo -- pandan y ap konbat kriz COVID-19 la nan tout eta a. Anplis de sa, InterContinental Times Square, Yotel ak Otèl Hudson ap bay 800 chanm anplis gratis pou pwofesyonèl swen sante yo k ap vini nan Vil New York ki sòti nan lòt eta, y ap kolabore avèk Asosyasyon Otèl Vil New York (Hotel Association of New York City) la, MetLife ak Related Companies.

Nan kad kanpay sansibilizasyon Gouvènè Cuomo a, eta a te pibliye jodi a yon [videyo](#) ki gen Nouyòkè yo k ap montre nou reyalite yo pandan yo rete lakay yo anba restriksyon Pòz nan tout eta a. Nan patenarya avèk Resonant Pictures, eta a te lanse yon apèl pou foto lavi nan vil la pandan twa semèn pase yo. Videyo a, ki fèt sou mizik anblematik The Fray, ilistre toutbon "Kijan pou Sove yon Lavi" pandan pandemi a.

"Done yo montre ke sa nou fè jodi a ap detèmine pousantaj enfeksyon nan de oswa twa jou apati kounye a, kidonk nou dwe kontinye fè sa n ap fè yo menm si li difisil -- akòz li fonksyone", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Kle pou redemare a se ap tès yo. Eta New York te agresif nan zafè tès epi laboratwa eta nou an ap devlope nan moman an yon tès pou antikò ki rapid epi ki pa envazif. Depatman Sante Eta a ka aktyèlman fè 300 tès nan yon jounen epi rive vandredi k ap vini an, y ap kapab fè 1,000 tès ak 2,000 tès nan semèn apre a. Sa bon anpil, li sanble anpil bagay, men 2,000 tès se toujou yon gout dlo nan oseyan an epi mwen fyè pou jan New York avanse nan tès yo".

Finalman, Gouvènè a te konfime 10,575 ka nouvo kowonaviris anplis, sa ki bay yon total 170,512 ka konfime nan Eta New York. Nan total 170,512 moun tès yo te pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se konsa:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	426	47
Allegany	26	4
Broome	112	7
Cattaraugus	18	1
Cayuga	27	11
Chautauqua	20	2

Chemung	59	0
Chenango	60	5
Clinton	43	3
Columbia	74	4
Cortland	17	1
Delaware	39	2
Dutchess	1,598	105
Erie	1,409	47
Essex	10	2
Franklin	11	0
Fulton	18	3
Genesee	65	9
Greene	34	6
Hamilton	3	0
Herkimer	36	4
Jefferson	43	1
Lewis	6	0
Livingston	29	3
Madison	99	8
Monroe	742	44
Montgomery	29	1
Nassau	21,512	1,372
Niagara	156	10
NYC	92,384	5,356
Oneida	172	14
Onondaga	369	11
Ontario	51	8
Orange	4,532	442
Orleans	24	2
Oswego	36	0
Otsego	41	2
Putnam	487	49
Rensselaer	91	12
Rockland	7,122	457
Saratoga	182	10
Schenectady	191	24
Schoharie	12	0
Schuyler	5	1

Seneca	15	0
St. Lawrence	78	2
Steuben	117	28
Suffolk	18,692	1,279
Sullivan	318	24
Tioga	18	1
Tompkins	105	0
Ulster	530	70
Warren	43	3
Washington	26	1
Wayne	41	2
Westchester	18,077	1,073
Wyoming	30	1
Yates	2	1

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
 Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)